

E SI MWEN TE RESEVWA YON IMEL KI METE FEN NAN ESTATI "PAROLE" MWEN AN EPI KI DI MWEN POU MWEN DEPÒTE TÈT MWEN?

Kloz Non Responsabilite: The Legal Aid Society te prepare dokiman sa a pou pataje enfòmasyon jeneral yo avèk piblik la. Enfòmasyon sa se pa konsèy jiridik epi pataje dokiman sa avèk ou pa fè nou tounen avoka ou. Avan ou fè yon bagay ki baze sou enfòmasyon sa a, ou ta dwe pale avèk yon avoka sou sitiayson ou an.

<p>Kisa "parole" la ye?</p>	<p>"Parole" se yon tip pèmisyon ke Depatman Sekirite Enteryè Etazini (U.S. Department of Homeland Security, DHS) kapab bay lè ou mande pou yo otorize ou antre Etazini. Sa ki pèmèt ou rete isit la pou yon peryòd tan ak pou aplike pou yon pèmi travay.</p>
<p>Kisa ki se yon "Avi sou Fen Estati "Parole" la"</p>	<p>DHS te voye divès mesaj pou kèk moun ki te sou estati "Parole" la pou antre Etazini, pou mete fen nan estati "Parole" la epi di yo pou kite Etazini imedyatman. Men yon mesaj tipik:</p> <div style="border: 1px solid black; padding: 10px; background-color: #f9f9f9;"> <p>From: CBPAutomatedMessage@cbp.dhs.gov <CBPAutomatedMessage@cbp.dhs.gov> Sent: Friday, April 11, 2025 1:44 AM To: [REDACTED] Subject: Notice of Termination of Parole</p> <p style="text-align: center;">U.S. Department of Homeland Security Washington, DC 20528</p> <p>04/11/2025 Notice of Termination of Parole It is time for you to leave the United States. You are currently here because the Department of Homeland Security (DHS) paroled you into the United States for a limited period. Pursuant to 8 U.S.C. § 1182(d)(5)(A) and 8 C.F.R. § 212.5(e), DHS is now exercising its discretion to terminate your parole. Unless it expires sooner, your parole will terminate 7 days from the date of this notice. If you do not depart the United States <i>immediately</i> you will be subject to potential law enforcement actions that will result in your removal from the United States — unless you have otherwise obtained a lawful basis to remain here. Any benefits you receive in the United States connected with your parole — such as work authorization — will also terminate. You will be subject to potential criminal prosecution, civil fines, and penalties, and any other lawful options available to the federal government. DHS encourages you to leave immediately on your own. You can use the CBP Home mobile app on your phone to make arrangements for your departure. If you are departing the United States via land, you should report your departure once outside the United States via that same app. If you are having trouble reporting your departure via land, visit https://i94.cbp.dhs.gov/home for more information about voluntarily reporting your departure. Again, DHS is terminating your parole. Do not attempt to remain in the United States - the federal government will find you. Please depart the United States immediately.</p> </div> <p>Ekspeditè : <CBPAautomatedMessage@cbp.dhs.gov> Dat: Vandredi, 11 Avril 2025 1:44 AM Pou: [REDACTED] Objè: Avi sou Fen Estati « Parole »</p>
	<p>Depatman Sekirite Enteryè Ameriken Washington, DC 20528</p>

	<p>11 Avril 2025</p> <p>Avi konsènan Mete Fen nan Estati «Parole» la Lè a rive pou ou kite Etazini.</p> <p>Aktyèlman ou la paske Depatman Sekirite Enteryè Ameriken (Department of Homeland Security, DHS) te fè ou antre nan pwogram “Parole” pou antre nan Etazini pou yon peryòd tan limite. Swivan 8 U.S.C. § 1182(d)(5)(A) ak 8 C.F.R. § 212.5(e). DHS pou kounye a ap egzèse diskresyon li pou mete fen nan estati « Parole » ou an. Amwens ke li te ekspire pi bonè, estati « Parole » ou an pral pran fen 7 jou apati de dat avi sa a.</p> <p>Si ou pa kite Etazini <i>imedyatman</i>, ou pral oblige soumèt anba divès mezi aplikasyon lalwa posib ki pral lakoz yo depòte ou kite Etazini — amwens ke nan lòt fason ou te jwenn yon baz legal pou rete isit la. Nenpòt avantaj ou resevwa nan Etazini ki gen lyen avèk estati « Parole » ou an — tankou otorizasyon travay — pral pran fen tou. Ou pral soumèt anba pouswit penal potansyèl, amann sivil, ak sanksyon, epi nenpòt lòt opsyon legal ki disponib pou gouvènman federal la.</p> <p>DHS ankouraje ou pou w kite peyi a pou kont ou. Ou kapab itilize aplikasyon mobil CBP Home lan sou telefòn ou pou w fè divès aranjman pou depa ou an. Si w ap pati kite Etazini pa vwa tèrèς, ou ta dwe siyale depa ou an yon fwa ou deyò Etazini atravè menm aplikasyon an. Si ou gen difikilte pou siyale depa ou an pa vwa tèrèς, vizite https://i94.cbp.dhs.gov/home pou plis enfòmasyon sou kesyon siyale depa volontè ou an.</p> <p>Ankò, DHS ap mete fen nan estati « Parole » ou an. Piga ou eseye rete nan Etazini — gouvènman federal la ap jwenn ou. Tanpri, kite Etazini imedyatman.</p>
Èske li legal pou DHS mete fen nan estati "Parole" mwen an konsa?	Pou kèk tip "Parole", tankou moun ki soti Kiba, Ayiti, Nikaragua, oubyen Venezyela, yon desizyon tribinal ki bloke fen estati "Parole" la vle di ke avi DHS pou mete fen an pa aplike. Ou kapab dekouvrí plis sou estati dosye tribinal sa isit la: www.uscis.gov/newsroom/alerts/litigation-related-update-on-chny
Èske mwen dwe kite peyi a imedyatman?	Konsa tou, fason DHS ap tante mete fen nan estati endividyl "Parole" la kapab pa kòrèk, donk kapab genyen petèt divès fason pou konteste avi sou fen endividyl la.
E si mwen te aplike pou azil?	Avi a kapab petèt pa aplike reyèlman pou ou, si ou te aplike pou kèk avantaj imigrasyon oubyen si genyen yon tribinal ki bloke zafè mete fen an.
E si mwen te aplike pou Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS)?	Si ou te aplike pou Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS) epi kounye a aplikasyon ou an toujou an atant, ou ka kapab rete isit la pandan aplikasyon TPS ou an ap tann, sou kondisyon TPS a toujou disponib pou peyi ou ak, si sa aplikab, pou ane espesifik ou an. Otorite imigrasyon yo kapab toujou eseye depòte ou paske ou pokon resevwa TPS la. Pou enfòmasyon sou estati TPS pou peyi ou, vizite https://www.uscis.gov/humanitarian/temporary-protected-status

E si yo te apwouve mwen pou TPS?	Si yo te apwouve ou pou TPS, ou genyen dwa pou rete isit la pandan ou gen TPS la.
E si mwen gen yon pèmi travay baze sou estati "Parole" la?	<p>Si ou gen yon travay baze sou estati "Parole" la, kategori ki devan kat la pral endike C11. Yon fwa estati "Parole" ou an pran fen, pèmi travay ou an ap fini menm jan tou, menm si dat ekspirasyon an kapab petèt toujou endike yon dat ki poko rive.</p> <p>Men òdonans tribinal la te bloke zafè pou mete fen nan kèk tip estati "Parole" la, kidonk nan ka sa yo, pèmi travay yo ap toujou itilize.</p>
E si mwen pa t aplike pou anyen?	Si ou te antre nan Etazini avèk estati "Parole" la, epi DHS te mete fen nan estati "Parole" ou, epi si ou te antre nan Etazini pou mwens pase 2 ane, DHS kapab eseye depòte ou atravè yon pwosesis rapid ki rele "pwosedi ekspedisyon akSELERE."
E si mwen pè pou retounen nan peyi orijin mwen an?	Ajans DHS ki gen responsabilite depòtasyon yo se Sèvis Imigrasyon ak Dwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE). Si ou pè pou viv nan peyi orijin ou, ou dwe fè sèten pou w di ICE sa, si ou gen yon rankont avèk yo. Se espesyalman enpòtan pou fè sa si w ap fè fas ak "ekspedisyon akSELERE a" a.
Si mwen gen yon rankont avèk ICE, èske y ap depòte mwen?	<p>Sa k ap rive si ou gen yon rankont avèk ICE depann de reyalite sitiyasyon patikilye ou an. Pou aprann sou dwa ou yo an jeneral si ou gen yon rankont avèk ICE, konsilte fich enfòmasyon nou an sou Rankont yo avèk ICE</p> 